



Pou Piblikasyon Imedya: 16/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE RE- OUVÈTI SIT ISTORIK ETA PHILIPSE MANOR HALL NAN YONKERSAPRE RESTORASYON 20 MILYON DOLA AK MIZAJOU EKSPOZISYON AN**

*Nouvo ekspozisyon yo elaji istwa yo konnen sou sal la epi enkòpore istwa pèp endijèn ak Afriken esklav nan rejyon an*

*Amelyorasyon yo ogmante aksesibilite yon fason sinifikatif - Sa enkli nouvo asansè, ekspozisyon ki gen ouvo konsepsyon, ak paviyon vityèl — epi yo prevwa double vizitè anyèl yo*

*Foto amelyorasyon yo disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a reouvèti Sit Istorik Eta Philipse Manor Hall (Philipse Manor Hall State Historic Site) nan Yonkers apre yon renovasyon 20 milyon dola nan bilding lan ak teren an, ansanm ak konsepsyon nouvo ekspozisyon yo. Nouvo ekspozisyon sa yo avanse inisyativ *Our Whole History* (Istwa Konplè Nou) Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la, ki se yon efò pou asire sit istorik eta a anbrase istwa ki reflekte divèsite istwa eta ak nasyon nou an.

"Philipse Manor Hall bay yon fenèt inik nan lavi primitif nan epòk kolonyal la nan New York epi li ofri tèt li pou rakonte premye chapit chemen nasyon an nan direksyon endepandans", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Moun ki te viv, ki te travay ak fè komès nan kay fanmi Philipse nan 18èm syèk la te gen yon gwo enpak sou fasone rejyon sid Hudson Valley a. Renovasyon Philipse Manor Hall sa a reflekte angajman solid Eta New York pou prezève eritaj pataje nou an - sa ki eliminen tout evantay kilti ak istwa divès eta nou an."

Philipse Manor Hall se yon Moniman Istorik Nasyonal ak yon Moniman nan Vil Yonkers; yon estati ki enfòm totalman apwòch Pak Eta yo pou reyabilitasyon sit la. Anplis restorasyon achitekti Sit la, yo te mete ajou lakou ak bilding lan pou amelyore aksesibilite, ki gen ladan l yon nouvo ogmantasyon espas dèyè diskrè ki fèk konstwi ki gen nouvo twalèt ak yon asansè. Nouvo ekspozisyon yo fèt pou satisfè bezwen moun ki pale plizyè lang, moun ki gen pwoblèm pou tandè ak vizyèl, vizitè ki gen chèz woulant ak moun k ap mache, epi yo sansib pou vizitè ki gen tout laj, tout kapasite, ak tout

eksperyans kiltirèl. Anvan re-ouvèti li, Philipse Manor Hall te resevwa apeprè 15,000 vizitè chak ane, epi renovasyon yo espere double kantite vizitè yo rive apeprè 30,000 chak ane.

Anplis de sa, ekspozisyon yo ofri nòmalman pou moun ki pa kapab vizite sit la an pèsòn, sa ki elaji pòte istwa dinamik sit la bay yon odyans entènasyonal. Yon sit entènèt konsakre nan plis kontni istorik ak entèpretasyon ki rele "Virtual Wing" (Paviyon Vityèl) pral gen ladann yon toune vityèl 360°.

Nouvo ekspozisyon yo enkòpore vwayaj fanmi Philipse, ki se pèp endijèn ke tè Philipse lan derive a, ak Afriken esklav, ke travay ak komès yo te pèmèt fanmi Philipse yo pwospere pandan epòk anvan Revolisyon an. Pandan ke ansyen ekspozisyon ak konferans te dokimante wòl Afriken yo ak moun endijèn yo te kontribye nan istwa Eta New York, ekspozisyon pèmanan elaji sa yo dekri ak pataje istwa konplèks sa a pi byen ak vizitè yo.

Ekspozisyon yo genyen yon varyete eleman entè-aktif ki gen ladan eksperyans reyalyte ogmante, manyen, son - ki gen ladan lang yo te tandè nan peryòd kolonyal la, Munsee, Olandè ak KiKongo - ak eleman sant pou sipòte divès eksperyans aprantisaj.

Anplis de sa, Eta New York ap fè patenarya ak Otorite Lojman Minisipal Yonkers (Municipal Housing Authority of Yonkers, MHACY) ak Yonkers Arts pou òganize yon egzibisyon sou defen rapè ak aktè Earl Simmons, ke yo konnen tou kòm DMX. Egzibisyon an, "Look Thru My Eyes: a DMX Story", (Gade m nan Je: yon Istwa DMX) pral ouvri nan fen ane sa a. Se Ray Wilcox nan Yonkers Arts ki ap òganize egzibisyon an ansanm ak òganizasyon ak sipò kreyatif nan men Raissa Fitzgerald ak Wilson Kimball nan MHACY.

Mizajou sa yo alinyen dirèkteman ak inisyativ *Our Whole History* Park Eta a. Apwòch *Our Whole History* a se pou bay plizyè pèspektiv pou kreye enpòtans ak siyifikasyon.

**Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la, Erik Kulleseid, te deklare,** "Angajman sa a pou nouvo ekspozisyon, entèpretasyon, ak pwogram atravè sistèm sit istorik nou an pi byen dekri divèsite, imanite, ak enfluyans pèp eta nou an epi mete aksan sou wòl kominote ki tradisyonèlman pa reprezante ase yo te jwe nan fòm istwa eta nou an."

**Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins, te deklare,** "Jodi a se yon moman enteresan pou Philipse Manor Hall pandan li re-ouvri ak yon nouvo konsantrasyon. Ekspozisyon ki fèk pèmanan ak aksesib yo pral ede vizitè yo konprann pi byen tout sa Afriken ak Endijèn yo te kontribye nan istwa Eta New York ak Vil Yonkers. Mwen ankouraje tout moun vizite, epi felisite Philipse Manor Hall ak Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York pou re-ouvèti a."

**Manm Asanble Gary Pretlow, te deklare,** "Mwen kontan pou mwen wè achèvmman renovasyon Philipse Manor Hall la. Moniman istorik sa a se yon pati enpòtan nan

kominote nou an epi li raple nou ke esklavaj te fèt nan vil nou an. Li enpòtan pou nou edike jenerasyon aktyèl yo ak jenerasyon k ap vini yo pandan n ap kontinye fè pwogrè nan vil divès nou an."

**Manm Asanble Nader Sayegh, te deklare,** "Vil Yonkers te toujou rekonèt, apresye epi jwi siyifikasyon istorik Philipse Manor Hall la. Gras a lidèchip Gouvènè Kathy Hochul, Eta New York pral bay 20 milyon dola pou restorasyon ekspozisyon ki pral bay pi gwo konesans sou Pèp Endijèn ak Afriken ki te esklav yo nan rejyon an, ansanm ak istwa yo. Efò remakab sa a pral pèmèt jenerasyon Nouyòkè yo konprann alafwa Eta nou an ak "tout Istwa" Nasyon nou an lè yo anbrase ak reflechi sou divèsite nou an. Nou kontan anpil pou sa pwojè sa a pral anseye nou tout, e mwen pa ka tann finisman li avèk siksè nan fiti pròch."

**Manm Asanble Daniel J. O'Donnell, te deklare,** "Mwen kontan re-ouvri Philipse Manor Hall, ak pou pwochen epòk li pou kreye kominote, koneksyon, ak edikasyon pou moun nan lokalite a ak pou aktivite touristik yo tou. Aktivite touris non sèlman estimile ekonomi New York la, li pote travay ak revni nan destinasyon lokal yo atravè Eta nou an, li pwovoke imajinasyon nou tou. Lè yo konekte nou ak pase nou, sit istorik yo pèmèt nou aprann ak grandi pou kreye yon pi bon avni. Mwen fyè de devouman Eta New York pou elaji aksè ak divèsite istwa nou rakonte sou istwa nou ak kontan ak envèstisman yo ak renovasyon nan Philipse Manor Hall. Mwen espere yon avni enteresan pou sit istorik ki gen anpil valè sa a."

**George Latimer, ki se Chèf Egzekitif Konte Westchester, te deklare,** "Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske li envesti 20 milyon nan Philips Manor Hall, youn nan pi ansyen Moniman Istorik Nasyonal nan bèl Konte nou an. Manor House la date depi ane 1600 yo e li te kay Frederick Philipse III, epi tou li te sèvi kòm premye Meri Vilaj Yonkers an 1872. Restorasyon vaste sa a mennen sit la jis nan 21èm syèk la epi li pral pèmèt jenerasyon k ap vini yo fè eksperyans istwa rich li yo atravè nouvo pwogram atistik, ekspozisyon, prezantasyon ak pwogram edikasyon."

**Mike Spano, ki se Majistra Yonkers, te deklare,** "Nou pa montre istwa atravè soustraksyon, nou montre istwa lè nou rakonte istwa konplè. Avèk ogmantason figi kle Yonkers ak etap enpòtan yo, Philipse Manor Hall pral kounye a yon kote ki mennen rezidan nou yo ak vizitè yo nan yon veritab vwayaj. Mwen vle remèsye patnè nou yo nan nivo eta a pou envestisman sa a ki pral dokimante ak prezève kwasans ak devlopman vil nou an pou jenerasyon k ap vini yo."

**Prezidan Konsèy Zanmi Philipse Manor Hall (Friends of Philipse Manor Hall) la, Dave Martin, te deklare,** "Restorasyon ak renovasyon Philipse Manor Hall te san dout pwodui yon mize klas \mondyal."

**Diretis BID Litoral Anbalavil Yonkers la, Sara Brody, te dklare,** "Re-ouvèti bèl Moniman Istorik Nasyonal sa a isit la nan Vil Yonkers trè enteresan pou kominote a. Philipse Manor Hall, ak amelyorasyon ak mizajou li yo, se yon lòt gwo atraksyon non sèlman pou mennen kominote lokal la men tou vizitè ki soti toupatou nan Konte a ak Vil

New York pou vizite Anbalavil Yonkers. Pandan n ap vizite mize a, nou ankouraje tout moun ap pran tan pou yo eksplòre tou tout restoran remakab yo, fè makèt, kote yo viv, boutik kafe, ak galri atistik yo. Ak jou ferye yo k ap apwoche, vin yon manm mize a ta kado pafè pou nenpòt ki istòryen oswa amatè zèv atistik. Mèsi Eta New York pou investisman sa a nan kwasans Anbalavil la ak pou rès Vil Yonkers la."

Yo te etabli dwa pwopriyetè Eta New York sou sit la atravè byenfektè Eva Smith Cochran, ki te konfye eta a pou l prezève sit la pou tout tan pou benefis ak edikasyon Nouyòkè yo. Anvan sa, sit la te sèvi kòm Meri Vilaj Yonkers epi answit Meri Vil Yonkers. Nouvo ekspozisyon yo anplis eksplòre epòk tranzisyon sa yo ak kado Cochran bay Vil la, ansanm ak transfè nan eta a pou prezèvasyon ak entèpretasyon sit la pou benefis tout Nouyòkè ak vizitè yo.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la nan Eta New York sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, tèren gòlf, ranp lansman bato ak plis bagay toujou, ki resevwa vizit 78 milyon moun chak ane. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite <https://www.parks.ny.gov>, telechaje [aplikasyon mobil gratis NY State Parks Explorer a](#) oswa rele 518.474.0456. Epitou, konekte sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418